

KONEKSYON

YON BILTEN ENFOMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- Gid pou Reouvèti Lekòl
- Seminè sou Entènèt pou Paran
- Rete Konekte

Out 2020

Biltèn 13 | NIMEWO 65 |

Reopen SMART



Return SAFE

Pou dènye enfòmasyon konsènan reouvèti lekòl pou ane lekòl 2020-2021 an, silvouplè vizite <http://reopening.dadeschools.net>.

M-DCPS PRAL LANSE 'SEMÈN BYENVENI' POU EDE FANMI PREPARE POU ANE LEKÒL 2020-2021 AN



Kòmanse 24 out, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral lanse sou entènèt yon Semèn Byenveni, yon seri modil pwogramasyon a distans pou ede fanmi prepare yo pou reouvèti ane lekòl la e entwodui yo nan woutin ak pratik "My School Online (MSO)" (Lekòl Mwen sou Entènèt). Ane lekòl 2020-2021 an ap kòmanse 31 out pou elèv atravè Miami-Dade nan itilize MSO.

Pandan semèn 24-28 out la, ap gen sesyon ki kouvri plis pase 60 sijè ki disponib pou gade ann Anglè, Espayòl ak Kreyòl nan

<http://miamiweekofwelcome.com>.

Sit entènèt la gen yon fonksyon tradiksyon pou tout paran ka gade li nan lang yo prefere a. Chak jou nan semèn nan, n ap ajoute plis videyo sou sit la. Modil ki pi enpòtan yo ap fasilite edikasyon timoun pou nouvo ane lekòl la sou sit la kòm "Must Watch" (Ou Dwe Gade).

Nou ap difize yon pwogramasyon nou seleksyone yo sou WLRN-TV Ch. 17. Anpil nan videyo "Nou Dwe Gade" yo ap disponib chak jou nan Semèn Byenveni an, ansanm ak pwogramasyon espesyal pou elèv Edikasyon Espesyal ak pwogram Klas Matènèl yo.

Nou ap varye sijè yo, kòmanse sou sekirite sou entènèt ak abitud pou fè fas ak estrès pou etidye ak nitrisyon, e nou òganize yo an kat kategori prensipal Konekte a Distans, Sipòte Siksè Elèv, Yon Lespri ak yon Kò ki Ansante, Pitit Ou sou Kanpous Lekòl la. Chak modil pral endike si se elèv,

paran oubyen toude ansanm ki pou gade yo.

Anplis materyèl ki ap disponib nan Semèn Byenveni an nan <http://miamiweekofwelcome.com>, fanmi yo ka pwofite tou yon gran varyete resous sou sit entènèt M-DCPS la [Reopening of Schools](#) e atravè kanpous sou entènèt Akademi Paran an nan parentacademymiami.com/virtual-campus/. Liy Enfòmasyon pou Aprantisaj a Distans M-DCPS la, 305-995-HELP (4357), ap kontinye disponib pou ofri asistans yon fason dirèk.

Finalman, Administratè lekòl yo ap bay paran enstriksyon sou fason pou yo jwenn videyo lekòl pitit yo kreye ki montre anons nan maten ak aktivite tankou Jounen Vizit Lekòl atravè sit entènèt <https://dadeschools.eduvision.tv/>.



Nan yon efò pou bay fanmi ak kominote a tout enfòmasyon konsènan reouvèti lekòl la, M-DCPS devlope yon nouvo resous ki itil ki rele “Reopen SMART/Return SAFE: A Guide to the Reopening of Miami-Dade County Public Schools” (Reouvri avèk ENTELJANS/Retounen an SEKIRITE: Yon Gid pou Reouvèti Lekòl Leta Miami-Dade County).


Gid la rezime modèl enstriksyonèl yo, pwosesis ak pwosedi nou pral enpleman e elaji nan ane lekòl 2020-2021 ki ap vini an. Anplis detay ki gen rapò ak modèl aprantisaj a distans M-DCPS la, “My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt), ak Modèl Blding Lekòl la, gid la gen ladan tou resous ki gen rapò ak enskripsyon nouvo

elèv, vaksinasyon elèv, èd pou aksè entènèt, prevansyon kont arasman, resous pou elèv sanzabri, kondisyon pou gradyasyon ak lòt enfòmasyon enpòtan pou kòmansman nouvo ane lekòl la.

Gid la poste sou paj Reouvèti Distri a, <http://reopening.dadeschools.net>, kote nou ka wè li e telechaje li. Nou pral poste plis resous sou entènèt pou fanmi, ki gen ladan yon nouvo vèsyon Kesyon Moun Poze Souvan, yon lis pou paran tcheke pou Retou Lekòl la ak enfòmasyon sou oryantasyon sou entènèt Distri a ki ap dire yon semèn pou elèv ak paran ansanm ak Semèn Byenveni an.

Pandemi COVID-19 la kontinye evolye e kondisyon yo ka chanje. Distri a ap kontinye suiv konsèy antite sante piblik yo e l ap mete gid la ajou, yon fwa gen vouvo enfòmasyon ki disponib.

M-DCPS AP ANKOURAJE PARAN POU YO VAKSINE PITIT YO



M-DCPS ap ankouraje paran/gadyen pou yo tcheke dosye vaksinasyon pitit yo pou wè si yo bezwen pran vaksen yo mande pou antre lekòl la. Patikilyèman pandan pandemi ‘COVID-19’, li enpòtan pou timoun yo resevwa vaksinasyon pou pwoteje yo kont maladi ak epidemi ki evitab. Pandan sezon gwo grip ki ap vini an,

“flu shot” (vaksen kont gwo grip) pral trè enpòtan pou redui efè maladi respiratwa nan kominote a.

Nou mande pou tout elèv M-DCPS resevwa vaksen ki obligatwa pou laj yo pou ane lekòl 2020-2021 an, ki gen ladan sa yo ki ap patisipe antyèman nan “My School Online” (Lekòl Mwen sou Entènèt).

Paran/gadyen pa dwe rete tann pou yo kontakte founisè medikal yo pou pwograme yon randevou. Non sèlman Vaksinasyon selon laj obligatwa pou lekòl, vaksinasyon yo sèvi tou kont prevansyon maladi ki abouti a vizit medikal ki pa nesesè, ospitalizasyon ak plis presyon nan sistèm swen sante a.

‘Florida Department of Health in Miami-Dade County’, plizyè ‘Federally Qualified Health Centers’, ‘University of Miami Pediatric Mobile Clinic’ ak ‘Jessie Trice Community Health System’ pral ofri vaksen GRATIS oubyen a bon mache. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://www.dadeschools.net/>.

Branche pou w Suiv SEMINÈ SOU ENTÈNÈT SIPÈENTANDAN AN Madi 25 Out a 5:30 nan aprèmidi.

Avèk mwens pase de semèn avan kòmansman ane lekòl 2020-2021 an, M-DCPS ap kontinye ofri fanmi anpil resous ki ap itil pou ede yo asire yo elèv yo byen kòmanse ane akademik la.

Anplis Gid 'Reopen Smart/ Return Safe' nou an ki poste sou <http://reopening.dadeschools.net>, Distri a poste tou Kesyon Moun Poze Souvan ak yon lis pou paran tcheke pou Retou

Lekòl la nan plizyè lang. nou ankouraje paran yo pou yo li materyèl sa yo yon fason pou yo prepare yo pou ane lekòl ki ap vini an.

Nan yon efò pou reponn plis kesyon, Sipèentandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho pral fè tou yon seminè sou entènèt pou paran ak gadyen madi 25 out, a 5:30 nan aprèmidi. Paran ka imèl kesyon pou seminè sou entènèt la nan questions@dadeschools.net.

Delè pou voye kesyon yo se vandredi 21 out.

Nou ka jwenn Seminè sou Entènèt la lè n vizite reopening.dadeschools.net e nan menm moman an andirèk sou WLRN-TV Ch. 17. Klike [la a](#) pou w ka jwenn yon feyè pou plis enfòmasyon.

RETE ENFÒME!



RETE KONEKTE!




ki soti nan Distri a ak lekòl pitit ou. Paran yo ka mete enfòmasyon yo ajou tou lè yo kontakte direktè lekòl pitit yo.

Pou resevwa mesaj tèks, paran yo dwe voye tèks "Y" nan 67587 sou aparèy mobil yo. Si yo pa enskri, y ap rate mesaj ijan yo. Aplikasyon Mobil dadeschools la se yon lòt resous. Se yon espas ki gen tout enfòmasyon pou paran tankou orè klas, nòt elèv, e plis toujou. Nou ka telechaje aplikasyon gratis la sou aparèy mobil nou.

Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) fyè de tèt li pou kapasite li genyen pou l kominike rapidman e efikasman avèk paran atravè mesaj odyo otomatik, imèl ak mesaj tèks.

Li enpòtan anpil pou paran yo rete konekte e enfòme. Enfòmasyon sou kontak paran ki ajou e kòrèk, tankou nimewo telefòn, ak adrès imèl enpòtan anpil pou resevwa mesaj ijan



LIS POU TCHEKE POU Retou Lekòl



ENSKRIPSYON

Nou ankouraje fanmi yo pou enskri pitit yo bonè pou evite reta nan pwosesis la. PREMYE jou lekòl nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) se 31 out 2020 atravè "My School Online (MSO)" (Lekòl Mwen sou Entènèt). Pou plis enfòmasyon, vizite <http://attendanceservices.dadeschools.net/>.



SEMÈN BYENVENI

Gen yon eksperyans a distans san parèy ki pral fèt 24-28 out 2020. Nou ankouraje fanmi yo pou gade video yo ki deja anrejistre sou sijè nou chwazi tankou Koneksyon a Distans, Sante Mantal ak Sante Fizik, Sipòte Sikse Elèv ak Pitit ou sou Kanpous la. Pou plis detay, vizite <http://miamiweekofwelcome.com/>.



ENFÒMASYON SOU KONTAK

M-DCPS gen abilitè pou kominike ak paran avèk presizyon e efikasite atravè mesaj odyo, tèks, ak imèl. Li enpòtan pou lekòl pitit ou a gen enfòmasyon sou kontak ou ki pi resan. Paran yo ka mete ajou detay sou kontak yo nan kontakte direktè lekòl pitit yo. Yo ka chwazi tou pou yo resevwa mesaj tèks ijan nan voye yon mesaj tèks "Y" nan 67587 sou aparèy mobil yo.



APLIKASYON MOBIL DATESCHOOLS

Aplikasyon Mobil Dadeschools la se yon kote paran ka jwenn tout enfòmasyon yo bezwen. Yo ka jwenn aksè sou enfòmasyon enpòtan tankou orè lekòl, nòt lekòl, nouvel ki soti nan Distri a, ak anpil lòt toujou. Telechaje aplikasyon gratis sa a sou aparèy mobil oubyen Android ou.



VAKSEN

Nou ankouraje paran yo pou tcheke dosye vaksen pitit yo pou wè si dat yo rive pou nenpòt vaksen obligatwa pou antre lekòl. Nou mande pou tout elèv M-DCPS pran vaksen lekòl obligatwa dapre laj yo pou ane lekòl 2020-2021 an, ki gen ladan elèv ki ap patisipe antyèman nan MSO.



AKSÈ SOU ENTÈNÈT

An preparasyon pou premye jou lekòl atravè MSO, nou mande pou tout elèv vizite www.dadeschools.net pou yo antre sou Pòtal Elèv la nan itilize Idantifikasyon Elèv ak Modpas yo sou aparèy pèsonèl yo oubyen yon aparèy Distri a ba yo pou nou ka konfime yo jwenn aksè. Si elèv yo pa ka antre nan kont yo, yo dwe kontakte lekòl yo pou asistans.



FOUNITI KLASIK

Elèv yo ap bezwen founiti klasik regilye tankou paye ak kreyon pou yo ekri, pran nòt, rezoud pwoblèm matematik ansanm ak nenpòt lòt materyèl pwofesè yo ka endike ki nesèse pou klas la. Yo ap bezwen tou yon òdinatè ki gen kamera, yon mikwo ak aksè entènèt. Paran yo dwe tcheke sit entènèt lekòl pitit yo oubyen kontakte lekòl la pou lis materyèl yo.



INIFÒM

Pandan Etap I ak II sou MSO, nou ankouraje inifòm. Nan Modèl Bilding Lekòl la pandan Etap II a nou ap ranfòse règ inifòm nan e mete mask ap obligatwa.



MANJE

Nou ankouraje paran pou yo aplike pou repa midi gratis ak nan pri redwi nan www.nutrition.dadeschools.net. Manje ap disponib nan Etap I ak Etap II. Nou ap pibliye andwa distribisyon ak le espesifik pou vin pran manje osito enfòmasyon sa yo disponib. Dejene gratis pou tout elèv.



PATISIPASYON FANMI

Chèche konnen pwofesè pitit ou nan kòmanman ane lekòl la. Mande yon reyinyon sou entènèt avèk yo pou w pataje enfòmasyon enpòtan sou pitit e mande li kòman ou ka sipòte pi byen aprantisaj pitit ou lakay. Konsidere patisipe nan yon òganizasyon paran tankou "Parent Teacher Association (PTA)" (Asosyasyon Paran Pwofesè) oubyen fè volontè nan lekòl pitit ou. Pale ak direktè lekòl pitit ou a pou enfòmasyon PTA oubyen ou ka imèl info@mdccpta.net. Pou konnen kòman pou w vin yon volontè lekòl, vizite <https://www.engagemiamidade.net/volunteers>.



LIY ENFÒMASYON

Biwo Operasyon Ijans Distri a: 305-995-3000
Aprantisaj a Distans: 305-995-HELP (4357)
Edikasyon Adilt/ak Karyè Teknik: 305-558-8000

Sèvis Sante Mantal pou elèv/paran: 305-995-7100

'Project UP-START' pou elèv ki ap fè eksperyans lojman enstab: 305-995-7558

reopening.dadeschools.net



@MDCPS
@MIAMISUP
@ESCUELASMDPCS



@MIAMISCHOOLS
@ALBERTOMCARVALHO1



@MIAMISCHOOLS
@MIAMISUP

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

9 septanm

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

6 :00 diswa
Dezyèm Odyans
Bidjè Piblik

21 oktòb

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

24-28 Out

Semèn Byenveni

31 Out


1ye Jou lekòl

7 Septanm

Fèt Travay

28 Septanm

Jou pou pwofesè
Fè Planifikasyon



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvel ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la.
#MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Martin Karp
Doktè Lubby Navarro
Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Maria Martinez
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon